

20 novanm

(Jezi mande l :) Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen ? ...

Senyè, ou konn tout bagay, ou konnen mwen renmen ou. Jan 21. 17

Pou nou menm, nou gen renmen nan kè nou, paske Bondye te renmen nou anvan. 1 Jan 4. 19

Senyè a sonde kè nou

Jezi ap pale ak nou : li Jan 21. 15-23

Yon maten, akote lanmè galile a, Jezi ki te fin resisite mande Pyè nan mitan tout disip yo : “Simon pitit Jan eske ou renmen m plis pase moun sa yo renmen mwen ?” Pyè te panse fè pi byen ke lòt yo, lè yo te vin arete Jezi a, e li te renye Mèt li. Men, Pyè te renmen Senyè a, konsa li te ka reponn : “Wi, Senyè ou konnen mwen renmen ou” (ke mwen asosye avèk ou). Alò, Senyè a konfyè yon premye misyon : “pran swen ti mouton mwen yo”.

Yon dezyèm fwa, Senyè a mande l : “Simon, pitit Jan, eske ou renmen mwen ?”. Fwa sa a, li pa fè referans ak lòt disip yo, men li t ap pale konsènan yon lanmou ki fò, ki va kondui Pyè bay lavi li pou li. Pyè reponn menmjan ak premye fwa, ak mo ki moutre li renmen Mèt la. E Mèt la te konfyè l yon lòt travay : “Se pou w pran swen mouton m yo”.

Nan twazyèm kesyon an, Kris te poze Pyè menm kesyon an, li mande l ankò si li renmen l. sa te fè Pyè lapenn anpil. Li reponn li : “Senyè ou konn tout bagay, ou konnen mwen renmen ou”. Alò Mèt la konfyè yon dènye sèvis ; di l konsa : “Fè pran swen mouton m yo”. Li tou anonse l Li gen pou li mouri akòz mesaj levanjil la.

“Eske ou renmen mwen ?” Twa kesyon sa yo Kris te poze Pyè a, nap tande Senyè a poze nou menm kesyon sa yo. Kisa n ap reponn li ? Remèt nou nan men Senyè a ki konnen tout fon kè nou, lè nou fè sa a, nou rekonèt li pi wo pase feblès nou yo, e renmen li gen pou nou an kouvri tout mizè nou yo.

20 novembre

**(Jésus lui dit :) Simon, fils de Jonas, m'aimes-tu ? ...
Et il lui dit : Seigneur, toi tu sais tout, tu sais que je
t'aime.** Jean 21. 17

**Nous, nous aimons parce que lui nous a aimés le pre-
mier.** 1 Jean 4. 19

Le Seigneur sonde notre cœur

Jésus nous parle : lire Jean 21. 15-23

Un matin, au bord de la mer de Galilée, Jésus ressuscité demande à Pierre devant les autres disciples : “M’aimes-tu plus que ceux-ci ne m’aiment ?”. Pierre avait pensé faire mieux que les autres, et il avait renié son Seigneur. Mais Pierre aimait le Seigneur, aussi peut-il répondre : “Oui, Seigneur, tu sais que je t’aime” (que je suis attaché à toi). Alors le Seigneur lui confie une première mission : “Fais paître mes agneaux”.

Une deuxième fois, le Seigneur lui demande : “M’aimes-tu ?”. Il ne fait plus référence aux autres disciples, mais il parle encore de cet amour si fort qui aurait pu conduire Pierre à laisser sa vie pour lui. Pierre répond comme la première fois, en des termes qui expriment son affection pour lui. Et le Seigneur lui donne un nouveau service : “Sois berger de mes brebis”.

Dans sa troisième question, le Seigneur reprend les mêmes mots que Pierre et lui demande s’il a de l’affection pour lui. Pierre est attristé, mais, connaissant son maître, il s’en remet à sa parfaite connaissance : “Seigneur, toi, tu sais tout”. Alors il lui confie un dernier service : “Fais paître mes brebis”, et il lui annonce qu’il sera conduit, en son temps, à laisser sa vie pour lui.

“M’aimes-tu ?” Cette triple question posée à Pierre, nous entendons aussi le Seigneur nous l’adresser. Que répondre ? Nous en remettre au Seigneur qui nous connaît à fond, c’est reconnaître qu’il est au-dessus de nos faiblesses, que son amour couvre toutes nos misères.